

Dat Avi \_\_\_\_\_

Nimewo CIN \_\_\_\_\_

Dat Efektif \_\_\_\_\_

### Sant Sante

Non \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Nimewo Telefon Jeneral pou Kesyon ak Asistans \_\_\_\_\_

### Manm

Non \_\_\_\_\_

Paran, Gadyen Legal, Reprezantan Legal Otorize, si gen youn \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Sa se pou avize w ke l ap antre an vigè nan \_\_\_\_\_  
Dat \_\_\_\_\_

ajans sa \_\_\_\_\_ Non Ajans Sant Sante lan \_\_\_\_\_ genyen:

Ou te Enskri nan Health Home Program (Progwan Sant Sante) apati dat antre anvigè ki site piwo an.

- Kounye a ou kapab resevwa Sevis Jesyon Swen Sant Sante a
- Ou ka chanje Ajans Sant Sante oswa Jesyon Swen ou a nenpòt kilè lè ou kontakte Plan Swen Kontwole ou la, Kay Sante lan ki site anlè a oswa Liy Asistans Medicaid NYS nan 800-541-2831
- Sa a se yon pwogram volontè epi ou ka soti ladan l nenpòt kilè lè ou kontakte Plan Swen Kontwole ou la, Sant Sante ki nan lis anlè a oswa Liy Asistans Medicaid NYS nan 800-541-2831

Aksyon sa pran anba NYS SSL 365-l

### Reprezantan Sant Sante a

Siyati X \_\_\_\_\_

SI W PA DAKO AVEK DESIZYON SA, OU KAPAB MANDE YON KONFERANS YON ODYANS SAN PATIPRI, OSWA TOUDE. SOUPLE LI DO AVI SA POU KONNEN KOMAN OU KAPAB MANDE YON KONFERANS OSWA/AK YON ODYANS SAN PATIPRI.

DWA POU YON KONFERANS: Ou kapab gen yon konferans pou revize aksyon sa yo. Si ou vle yon konferans, ou dwe mande youn touswit. Nan konferans lan, si nou dekouvrir ke nou te pran move desizyon oswa si, akòz enfòmasyon ou bay yo, nou detèmine ke n ap chanje desizyon nou an, nou pral pote koreksyon an epi enfòme ou alekri. Ou ka mande yon konferans lè w rele nimewo ki nan premye paj Avi Detèminasyon sa a oswa voye yon demann alekri ba nou nan adrès ki nan lis premye paj Avi Detèminasyon an. Nimewo sa a itilize sèlman pou mande konferans. **Se pa konsa ou kapab mande yon odyans san patipri.** Si ou mande pou yon konferans ou toujou gen dwa pou yon odyans san patipri. Ou dwe mande yon odyans san patipri nan fason ki dekri anba la a. Epitou, si ou vle kontinye gen benefis san chanjman (asistans kontinye) jiskaske ou jwenn yon desizyon odyans san patipri, tanpri li epi ranpli seksyon ki anba a dwa, **'KONTINYE BENEFIS OU'.**

**DWA POU YON ODYANS SAN PATIPRI:** Si ou kwè aksyon ki pi wo a pa bon, ou ka mande yon Odyans san Patipri Eta pa:

- 1) Telefon: Ou ka rele nimewo gratis nimewo leta a: 800-342-3334 (TANPRI GEN AVI SA AVÈK OU LÈ OU RELE); OSWA
- 2) Faks: Voye yon kopí avi sa a nan nimewo faks. (518) 473-6735; OSWA  
Sou Entènèt: Ranpli epi voye fòmiliè demann lan sou entènèt nan: <http://www.otda.ny.gov/oah/forms.asp>; OSWA
- 3) Ekri: Voye yon kopí avi sa ranpli bay Depatman Odyans Sanpatipri a, Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikape Etan New York State la, P.O. Box 1930, Albany, New York 12201.  
Kenbe yon kopí pou tèt pa w.
- 4) An pèsonn ( New York City sèlman):  
(Biwo Asistans Tanporè ak Andikape)Office of Temporary and Disability Assistance  
(Biwo Administrif Odyans)Office of Administrative Hearing  
14 Boerum Place – 1st Floor  
Brooklyn, New York 11201
- 5) Pwoblèm Lapawòl ak Tande:  
Kontakte Sèvis Relè New York la nan 711 oswa 1-800-622-1220.  
Mande operatè a rele 877-502-6155. Sèvis nan nimewo sa a sèlman pou moun ki rele k ap sevi avèk ekipman TDD.

Mwen vle yon Odyans San Patipri. Aksyon sa pa bon paske: \_\_\_\_\_

#### OU GEN 60 JOU APATI DAT AVI SA A POU MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI

Si ou mande yon odyans san patipri, Eta a ap voye yon avi pou fè ou konnen ki lè ak ki kote odyans lan ap fet. Ou gen dwa pou yon konsèy legal reprezante w, yon fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun, oswa pou reprezante tèt ou. Nan odyans lan oumenm, avoka ou la oswa lòt reprezantan ap gen opòtinité pou prezante prèv ekri ak oral pou montre kijan yo pa ta dwe pran desizyon an, epitou ap gen yon opòtinité pou kesyone nenpòt moun ki parèt nan odyans lan. Epitou, ou gen dwa vini ak temwen pou pale an favè ou. Ou ta dwe vini nan odyans la ak tout dokiman tankou avi sa a, kopí chek, resi, bòdwo swen sante, bòdwo chofaj, verifikasyon medikal, lèt doktè, elatriye ki ka sevi pou w prezante ka ou lan.

**KONTINYE AK BENEFIS OU:** Si ou mande yon odyans san patipri anvan dat antre anvigè ki endike nan avi sa a, w ap kontinye resevwa benefis ou san okenn chanjman jiskaske yo bay desizyon odyans san patipri a. Sepandan, si ou pèdi odyans san patipri a, nou ka touche depans pou nenpòt benefis Asistans Medikal ke ou pa ta dwe resevwa. Si ou vle evite posiblite sa a, tcheke bwat ki anba a pou endike ke ou pa vle asistans ou kontinye, epi voye paj sa a ansanm ak demann odyans ou an. Si ou tcheke bwat la, yo pral pran aksyon ki dekri pi wo a nan dat antre anvigè ki endike anwo a.

Mwen dakò pou aksyon pran nan benefis Asistans Medikal mwén an, jan sa dekri nan avi sa a, anvan yo bay desizyon odyans san patipri a.

**ASISTANS LEGAL:** Si ou bezwen asistans legal gratis, ou ka kapab jwenn asistans sa yo lè ou kontakte Sosyete Legal Asistans lokal ou oswa lòt gwooup defansè legal. Ou ka lokalize Sosyete Legal Asistans ki pi pre a oswa gwooup defansè yo lè ou tcheke Paj Jòn ou anba "Avoka" oswa lè ou rele nimewo ki endike nan premye paj avi sa a.

**AKSÈ NAN DOSYE OU AK KOPI DOKIMAN:** Pou ede w prepare pou odyans lan, Pwogram Sant Sante lan ap voye yon kopí pake prèv la nan 10 jou ouvrab apre yo resevwa avi nan men ODTA konsènan dat Odyans san Patipri a. Pake prèv la gen enfòmasyon Pwogram Sant Sante lan te sevi pou pran desizyon sou enskripyon ou nan Sant Sante a, epi y ap voye yo bay ofisyè odyans lan pou eksplike desizyon yo. Si ou pa resevwa pake prèv ou nan semèn anvan odyans ou an, rele nou nan nimewo telefon ki nan paj 1 Avi Detèminasyon sa a epi mande li. Si pa gen ase tan pou voye pake prèv la ba ou, Pwogram Sant Sante la ap pote yon kopí ba ou nan odyans lan.

Ou gen dwa gade dosye w lan. Si ou rele nou avan nan nimewo telefon ki nan tèt paj 1 nan Avi Detèminasyon an oswa ekri nou nan yon tan rezonab anvan dat odyans lan, nou pral bay ou kopí gratis tout lòt dokiman ki nan dosye w ke ou panse ou ka bezwen pou prepare pou Odyans san Patipri ou la. Dokiman yo ap voye ba ou sèlman si ou mande pou yo voye yo ba ou.

**ENFÒMASYON:** Si ou vle plis enfòmasyon sou ka w la, kijan pou mande yon odyans san patipri, kijan pou w wè dosye w lan, oswa kijan pou jwenn kopí adisyonèl dokiman yo, rele nou nan nimewo telefon ki nan paj 1 nan avi sa a oswa ekri nou nan adrès ki enprime nan tèt paj 1 nan avi sa a.

Ekri Non an anlèt detache: \_\_\_\_\_ Nimewo Idantifikasiyon Kliyan an (CIN) : \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefon: \_\_\_\_\_

Siyati: X \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Orijinal - Manm Medicaid / Paran / Gadyen / Reprezantan Legal Otorize

Kopi kòm Aplikab - Espesyalis Jesyon Kalite (QMS) "Local Department of Social Services (Depatman Sèvis Sosyal Local) oswa Division of Juvenile Justice and Opportunities for Youth (Divizyon Jistis Jivenil ak Opòtinité pou Jèn), Health Care Integration Agency (Ajans Entegrasyon Swen Sante), Case Planning Agency (Ajans Planifikasyon Dosye), Caregiver (Moun kap bay swen), Voluntary Foster Care Agency (Ajans Fwaye Dakèy Volontè), Medical Concenter (Konsantman Medikal)

Dokiman sa disponib nan lot lang. Yo kapab li avi sa pou ou nan yon lot lang.